



Yon gwo mèsi pou pwofesè nou yo

Chè Nouyòkè,

Bòn semèn apresyasyon pwofesè! Semèn sa a, nou te espesyalman konsantre sou apresyasyon ak selebrasyon pwofesè nou yo. Pwofesè gen enpak sou elèv, lekòl ak kominote nou yo nan plizyè fason, epi twò souvan, bon travay sa yo pase inapèsi. Mwen ta renmen pwofite okazyon sa a pou m remèsye pwofesè nou yo paske yo toujou la pou timoun nou yo, ni nan salklas la ni andeyò salklas la. Men poukisa mwen rekonesan anvè pwofesè nou yo la a nan Vil Nouyòk:

- **Pwofesè nou yo se modèl.** Souvan, yo pami adilt elèv fè plis konfyans nan lavi yo.

Elèv chèche èd nan men pwofesè yo pou gwo pwoblèm kou ti pwoblèm. Si elèv yo estrese, si yo fache, si yo twouble, souvan se kote pwofesè yo y ale.

- Pwofesè nou yo konsantre sou ekselans. Yo pouse chak elèv pou travay nan maksimòm limit yo. Yo anseye timoun nou yo konpetans esansyèl pou reyisi nan lavi yo, epi yo enspire elèv nou yo lanmou pou aprantisaj ak dekouvèt.

- **Pwofesè nou yo angaje.** Pwofesè kolabore avèk fanmi ak kominote elèv yo, paske yo konnen nou tout se yon sèl ekip la. Yo jwenn tou fason pou yo byen konnen elèv yo andeyò salklas la, kit yo antrene espò oswa yo mennen klìb ki andeyò kourikoulòm lan.
- **Pwofesè nou yo ede elèv vin lidè.** Mond nou an ap fè fas avèk anpil pwoblèm, epi pwofesè nou yo prepare elèv nou yo pou rezoud yo. Pwofesè yo debloke potansyèl ki genyen nan chak elèv nou yo.

Mwen ta ka kontinye, men sa pou kenbe nan tout sa se: pwofesè nou yo pa gen pri. Mwen viv sa kòm eksperyans, antanke ansyen pwofesè ak direktè lekòl, ak kòm yon elèv ki gradye nan Lekòl Leta Vil Nouyòk. Mwen rekonesan anpil anvè pwofesè ki te fòme m pou vin moun mwen ye jodi a.

Pwofesè, mwen apresye anpil tout sa nou fè. Mèsi dèske nou bay elèv nou yo yon bon jan demaraj pou yon avni asire.

Plane wo,

David C. Banks

Chanselye

Videyo aktyalite nou an:



Si w bezwen tradiksyon, tanpri ale sou Paj YouTube nou an.

Suiv nou sou entènèt nan [X](#), [Facebook](#), ak [Instagram](#) pou jwenn nouvèl ki pi resan an sou NYCPS.

Epi men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouvèl PS+You ankò, tanpri [retire non w sou lis la](#).